STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 31 jiyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON PWOJÈ-LWA POU REKONÈT ELÈV KI DIPLOME NAN LEKÒL SEGONDÈ KI MONTRE KONPETANS NAN PLIZYÈ LANG

Jodi a, Gouvènè Cuomo te siyen yon pwojè-lwa pou kreye lwa pou rekonèt elèv ki diplome nan lekòl segondè Eta New York ki montre ekselans akademik pou vin konpetan nan youn nan lang ki pa lang Angle nan yon so alfabetizasyon bileng eta a. Y ap tache so a nan diplòm yo ak nan relvednòt elèv diplome ki ekselans nan koute, pale, li, ak ekri nan plizyè lang.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Eta New York ta dwe rekonèt kokennchenn siksè elèv nou yo ki devwe tèt yo pou aprann plizyè lang. Lè nou rekonèt elèv sa yo ki pouse tèt yo pou fè tout sa yo kapab pou aprann yon lòt lang ap bay yo yon avantaj lè y ap travay avèk fiti patwon ak enstitisyon akademik yo. New York se yon eta ki rich sou plan divèsite, epi elèv sa yo ap bay patisipasyon yo pou asire nou rete yon manm aktif nan kominote mondyal la. Mwen di Senatè Robach ak Manm Asanble Arroyo mèsi pou travay di yo sou pwojè-lwa sa a."

Objektif so a se pou bay plis lespwa pou fiti travay ak siksè yon elèv nan edikasyon. Manm Komisyon Edikasyon ap bay so yo dapre règleman Konsèy Administrasyon Regents te devlope. Pwojè-lwa a ap anvigè 1ye septanm.

Senatè Robach, ko-sipòtè pwojè-lwa a, di konsa, "Lè nou bay bon jan kalifikasyon pou elèv ki konpetan nan Angle ak nan yon dezyèm lang, sa ap bay rekonesans imedyatman kòm yon siksè konpetans nan lang pou kolèj yo ak pou patwon yo. Konpetans nan Angle ak nan yon dezyèm lang se yon diplis, epi nou ta dwe bay kredi pou elèv yo pou siksè sa a. Nan monn jodi a, konpetans nan Angle ak nan yon dezyèm lang ap pèmèt elèv nou yo vin maton pou kominike nan enstitisyon aprantisaj avanse ak nan espas travay."

Manm Asanble Carmen E. Arroyo, ko-sipòtè pwojè-lwa a, di konsa, "Eta New York gen fyète nan tradisyon divèsite etnik, rasyal ak lengwistik li. So Alfabetizasyon Bileng Eta a rekonèt valè ak enpòtans bilengwis la, epi l ap ankouraje tout elèv ansèyman ak aprantisaj lang ki pa lang Angle pou tout elèv ki nan lekòl primè ak lekòl segondè. Nan lespri bilengwis la, mwen vle di mèsi, *gracias*, pou Pòtpawòl Sheldon Silver, ak Dirijan Majorite Sena, Dean G. Skelos pou sipò yo. Yon mèsi espesyal pou Senatè Joseph Robach pou kalite dirijan li ak sipò li na Sena Eta New York, ak pou tout kamarad mwen yo nan

Asanble ak Sena Eta New York. Epi finalman, *un millon de gracias*, pou trè espesyal Gouvènè Andrew Cuomo nou an poutèt li siyen pwojè lwa enpòtan sa a pou fè li vin lwa."

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole